EURASIAN JOURNAL OF SOCIAL SCIENCES, PHILOSOPHY AND CULTURE
Innovative Academy Research Support Center
UIF = 8.2 | SJIF = 6.051 www.in-academy.uz




# KITAPXANA–MÁLIMLEME XIZMETIN KÓRSETIWDIŃ AYIRIM TENDENCIYALARI HÁM WAZIYPALARI

**Sharipova Dilbarxan Atajanovna**
«Kitapxana iskerligi» kafedrası oqıtıwshısı
https://www.doi.org/10.5281/zenodo.10047428

**ARTICLE INFO**

Received: 19th October 2023
Accepted: 26th October 2023
Online: 27th October 2023

**KEY WORDS**

*Kitapxana, fond, kitapqumarlıq, málimleme, tendenciya, fond, texnologiya, qarar, basqarıw.*

**ABSTRACT**

*Kitapxana – málimleme xızmeti málimleme-kitapxana mákemeleri iskerliginiń tiykarǵı wazıypalarınıń biri bolıp, bul isler qanday dárejede jolǵa qoyılǵanlıǵı hám onıń sapası usı málimleme-kitapxana mákemeleriniń jámiyette tutqan ornın belgileydi. Maqalada búgingi kúnde kitapxana-málimleme xızmetinde jańa usıllardıń engiziliwi hám olardı hár tárepleme jetilistiriwdiń áhmiyeti haqqında sóz júritiledi.*

Ózbekstanda ámelge asırılıp atırǵan sociallıq-ekonomikalıq, siyasiy hám ruwxıy turmısındaǵı túpkilikli qayta qurıw hám jańalanıwhlar tikkeley kitapxanashılıq jumısı rawajlanıwına tásir kórsetedi. Kitap fondında kútá úlken psixologiylıq baylıqlardı jıynaǵan kitapxanalar jámiyetke xizmet etiwi, onıń hár qıylı iskerlik tarawlarına ilim, bilimlendiriw, mádeniyat, óndirisdi rawajlandırıwǵa hár tárepleme járdem beriwi zárúr. Óz gezeginde jámiyette júz berip atırǵan hádiyseler kitapxanalar iskerligine tásir etedi. Bul tásir qandayda bir anıq tariyxıy dáwir, sociallıq máselelerin sheshiwde kórinedi.

Prezidentimiz Sh.M.Mirziyoev "Xalqımızdıń úlken intellektual hám mánáwiy dárejesi eń úlken baylıǵımız"[1] degen bahalı pikirlerdi aytıp otken edi. Sonlıqtan da xalıqtıń sana-sezimin mánáwiyatın milliy ideyalar menen suwǵarıp, oziniń bar kúsh-jigerin xalıq mápine jumsap biletuǵın jaslardı, olardı hár tárepleme jetilistiriw, tárbiyalaw-milliy idealogiyamızdıń baslı wazıypası bolıp esaplanadı. Bunday wazıypalardıń orınlanıwı mamleketimizdiń rawajlanıw jollarin belgilep alıwda baǵdar bolıp tabıladı.

Ǵárezsizlik dáwirinde kitapxanalardıń wazıypası - ulıwma insanıylıq baylıqlardıń saqlawshısı ǵana bolmay, bálkim milliy miyras fondı da bolıp tabıladı. Kitapxanalardıń áwladtan-áwladqa ótip kiyatırǵan funkciyası - fondtı qáliplestiriwde óz kórinisine iye boladı. Fondlar nátiyjesiniń bas kriteryası- baspalardıń kópshilikke arnalǵanlıǵı bolıp tabıladı, onıń dárejesi bolsa jámiyettiń málimlemege, kitapǵa bolǵan talabınıń orınlanıwı bolıp tabıladı.

Milliy miyraslardıń saqlanıwında, áwladlardıń janlı baylanısın ámelge asırıwda, áyyemgi mádeniyat qayta tikleniwinde, milliy tildiń rawajlanıwında kitapxanalardıń roli kútá úlken bolıp bolıp tabıladı. Insanlardıń ózgerip atırǵan álemdi túsiniwine hám ol jaǵdayda tuwrı jol taba alıwına járdem berıp, kitapxana oǵan ulıwma dunyalıq máselelerin túsiniwine

[1] Mirziyoev Sh.M. Inson manfaatlari hamina narsadan ustun.- Toshkent, 2017 y. b. l9.

múmkinshilik beredi, onıń dóretiwshilik múmkinshilikleriniń artıwına kómeklesedi. Ilimin asırıwdağı bilimlerdi iyelew shaxstıń ózligin ańğarıwına xızmet etedi. Kitapxanalar iskerliginiń ulıwma insanıylıq bağdarı, shaxstıń jańa texnologiyalıq mádeniyatın asırıwğa járdem beredi, ilimiy-texnika rawajlanıwınıń ósiwine keri tásirin biykar etedi.

Ózbekstan Respublikasi Prezidentiniń 2019- jil 7-iyundegi «Ózbekstan Respublikası xalqına Málimleme kitapxana xızmetin kórsetiwdi bunnan bılay da jetilistiriw haqqında»gı PQ 4354-sanlı qararında xalıqqa kitapxanashılıq xızmetin kórsetiwdi jaqsılaw, málimleme resurs orayları sıpatında kitapxanalardı qayta shólkemlestiriw, bul ushın is ilajlar belgilew, olarda ósip kiyatırğan jas áwladtıń intellektual qábiletin ósiriwge itibardı qaratıw, xalıqtıń pútkil dúnya júzi málimlemelerine bolğan zárúrligin qanaatlandırıw ushın sharayatlar jaratıw, zamanagóy málimleme texnologiyalarınıń imkaniyatlarınan paydalanıw wazıypası qoyıldı. [2]

Ózbekstanda kitapxanashılıq isi mámleketlik basshılığında ámelge asırıladı. Basqarıwdıń mámleketlik- jámiyetshillik shólkemleri kitapxanashılıq xızmetine bolğan talaplardı esapqa alğan halda kitapxanashılıq xızmetin kórsetiwdiń nátiyjeli sistemasın qurıwğa zárúr qarjılar menen támiyinlew, mámlekettiń sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıwı jobaları hám byudjetlerdi kórip shığıwda kitapxanalar máplerin qorğaydı hám olardı máqsetke muwapıq támiyinlewge erisedi.

Kitapxanashılıq jumısı rawajlanıwına ajıratılğan qarjılardı tolıq hám nátiyjeli isletiwge járdem beredi, kitapxanalar hám olardı basqarıw shólkemleri iskerligi mápdarlığın asırıwshı jańa xojalıq mexanizmın jaratıw jumısları menen shuğıllanadı. Kitapxanashılıq jumısın basqarıwdıń mámleketlik-jámiyetshillik shólkemleri kitapxanashılıq dúzilisiniń huqıqıy hám normativ tiykarların qáliplestiredi, kitapxanashılıq nızamları hám tiyisli huqıqıy hújjetlerdiń úlgi sistemasın islep shığadı.

Mámleket ğárezsizligin bekkemlew máqsetinde kitapxanalar óziniń tiykarğı dıqqatın jámiyetti demokratiyalastırıw, xalıqtıń milliy mádeniyatın qayta tiklew, shaxsdıń dóretiwshilik múmkinshiliklerin asırıw, insanlardıń siyasiy hám puqaralıq aktivligin ósiriw sıyaqlı sociallıq zárúrli máqsetlerge qaratıwı kerek. Málimleme - kitapxana xızmetiniń tiykarğı mazmunın óz-ara baylanısta bolğan eki jónelisi - kitap oqıwshılar oqıwına basshılıq hám málimleme menen támiyinlewdi bildiredi. Kitap oqıwshılar oqıwın shólkemlestiriw - bárkámal áwladtı qáliplestiriw máqsetinde ğalabalıq oqıw mádeniyati mazmunına tásir ótkeriwdıń ózine tán sisteması bolıp tabıladı. Bunday tásir ótkeriw jámiyet mánáwiy turmısın sociallıq basqarıw mexanimlerinen biri bolıp xızmet etedi hám baspa ónimlerdi basıp shığarıw, tarqatıw hám de úgit-násiyatlaw processlerin arnawlı bir tártipke salıw jolı menen ámelge asırıladı. Kitap oqıwshılarğa xızmet kórsetiw mashqalasına komplekslık islesiw onı sistemalı analiz etiwdi talap etedi. Bul iskerliktıń subekti, obekti hám quralları usı sistemanı quraytuğın, óz-ara tásir hám baylanıslı bolğan strukturalıq bólimleri sıpatında júzege shığadı.

[2] Ózbekstan Respublikasi Prezidentiniń 2019- jil 7-iyundegi «Ózbekstan Respublikası xalqına Málimleme kitapxana xızmetin kórsetiwdi bunnan bılay da jetilistiriw haqqında»gı PQ 4354-sanlı Qararı

Kitap oqıwshılar oqıwına basshılıq etiw túsinigi - tar mániste kitap oqıwshılar tárepinen baspalardı, maǵlıwmatlardı tańlaw, oylaw hám bahalaw, oqıwdıń mazmuni hám xarakterine tásir ótkeriwdıń kitap oqıwshı - bibliografiyalıq sisteması bolıp tabıladı.

Málimleme- kitapxana mákemeleri nızam hújjetlerine muwapıq basqa wákilliklerdi ámelge asırıwı múmkin.

Kitapxana – málimleme xızmeti málimleme-kitapxana mákemeleri iskerliginiń tiykarǵı bólimi bolıp, bul isler qanday dárejede jolǵa qoyılǵanlıǵ, sapası usı málimleme-kitapxana mákemeleriniń jámiyette tutqan ornın belgileydi.

Kitapxana – málimleme xızmetin kórsetiw tendenciyaları tómendegiler:

1. Insannıń hár tárepleme barkamal rawajlanıwına tásir kórsetedi.
2. Paydalanıwshılardıń ilimiy hám ulıwma mádeniy dúnyaqarasın qáliplesiredi.
3. Ulıwma tálim hám kásiplik sheberligin jetilistiredi.
4. Paydalanıwshılardı ádep-ikramlılıq-estetikalıq ruwxta qáliplestiredi. [3]

Joqarı mánáwiyatqa iye bolǵan kámil insandi qáliplestiriw, jámiyet aǵzalarınıń sociallıq - siyasıy, materiallıq turmis tarawındaǵı úlken ózgerislerge tiyislı sezimin tárbiyalaw arqalı aktivligin asırıw wazıypaları kitap oqıwshılardıń komplekslık iskerligi sıpatında kitap oqıwshılar menen islewdi hám úzliksiz rawajlandirip barıwdi talap etedi. Ol oqıwǵa basshılıq, maǵlıwmat hám málimleme menen támiyinlewdi birlestiredi, oqıw nızamlıqların úyreniw tiykarında hár qıylı baspalar, maǵlıwmatlar, málimlemelerdı úgit – násiyatlap jeke tártipte hám ǵalabalıq tásir ótkeriw quralları járdeminde kitap oqıwshılarǵa xızmet kórsetiwdıń hár qıylı formaları arqalı ámelge asırıladı.

Elektron kitapxanalardıń jaratılıwı hám rawajlanıwı tariyxıy kóz-qarastan tómendegiler menen salısrırıladı:1.Kitapxana faktorlarınıń sırtqı táreplerdiń munasábetine qarap kompyuter hám kommunikativ texnologiyalardıń hámme ushın ashıq paydalanıw múmkinshilikleriniń bar ekenligi. 2. Jámiyettiiń bárinen burın ekonomikalıq hám joqarı texnologiyalardıń rawajlanıwına sáykes túrde kitapxana málimleme texnologiyalardıń rawajlanıwına, sonı ayrıqsha atap ótiw kerek elektron kitapxanalar dástúriy kitapxanalardı biykar etiwshi emes, bálkim málimleme xızmetin tolıqtırıwshı retinde qabıl etiw kerek. Elektron kitapxanalardıń jaratılıwınan tiykarǵı máqset :

- málimleme xızmeti sapasın asırıw, hár qanday túrdegi hám temadaǵı málimleme xızmetin kótsetiw ushın múmkinshilik jaratıw, elektron resurslardan paydalanıwǵa ótiw, paydalanıwshılar sanın asırıw ;
- hár qanday túrdegi multimediya málimlemesı súwret hám málimleme teksti menen tanısıw ushın múmkinshilik jaratıw ;
- túrli kompleksler hám fondlarda bolǵan texnologiyalar túrli dárejedegi baspalar milliylik hám shólkemge tiyislilik boyınsha shegaralanbaǵan maǵlıwmatlar menen tanısıw múmkinshiligin jaratıw;

[3] I .J.Yuldashev, Ó.Nosirov. Kutubxona-málimleme xizmati: nazariyasi va amaliyot: Óquv qóllanma.-i T. 2021yil.

- keń múmkinshiliklerge iye bolǵan támiynatshılar hám málimleme alıwshılar sheńberin jáne de keńeytiw;
- fizikalıq yamasa sociallıq tárepten sheklengen paydalanıwshılardıń málimlemege bolǵan múmkinshiliklerin asırıw ;
- málimlemenıń hár qanday orınǵa (úyge, ofiske) jetip barıw múmkinshiliklerin keńeytiw;
- málimleme alıw ushın silteme hám oǵan iye bolıw waqtındaǵı sheklewlerdi saplastırıw, jıl dáwamımda hám hár sutkada 24 saat paydalanıwdı támiyinlew;
- baspa ónimleri bárinen burın kem ushraytuǵın hám qımbatlı baspa ónimlerdi saqlaw, baspa hám qoljazba dóretpelerge ilimiy obzorlar beriw jolı menen usınıw, túrli sırtqı kórinislerde, sonıń menen birge multimediyanıń video, audio, formalarında siltemeler beriw;

Elektron kitapxanadan paydalanıw :
- málimleme texnologiyalarınıń rawajlanıwı arqalı texnikalıq progressge erisiwde;
- málimlemelerdi jetkerip beriwdiń jańa túrleriniń payda bolıwında;
- elektron resurslardı saqlaw hám qayta islewdiń qaǵazdaǵı baspalarǵa salıstırǵanda qolaylıǵı hám arzanlıǵı;
- sociyal, telekomunikaciyalar baylanıs sistemasınıń keńeyiwi;
- málimleme hújjetlerinen erkin paydalanıw ;

- uzaq aymaqlarda jaylasqan resurslardan keń paydalanıw hám kitapxanalar iskerligin úyreniw hám de dúziwde áhmiyetke iye bolıp esaplanadı.

Elektron kitapxana resurslarınan paydalanıw tómendegi qolaylıqlardı jaratıp beredi:

1. Kop orın iyelemeydi.
2. Baylanıstıń ańsatlıǵı, erkinligi.
3. Málimlemege tez iye bolıw.
4. Kúshli qıdıruw apparatınıń bar ekenligi;
5. Bir waqıttıń ózinde kóplegen paydalanıwshılarǵa xızmet kórsetiw múmkinligi hám basqalar.

Elektron resurslar elektron qollanbalar hújjtler kompleksi bolıp, elektron kataloglar bibliografiyalıq referativ hám faktografiyalıq maǵlıwmatlar bazası, elektron kitaplar hám tolıq teksti elektron jurnallar sıyaqlılardı óz ishine aladı.

Kitap oqıwshılar oqıwın shólkemlestiriw - bárkámal áwladtı qáliplestiriw máqsetinde ǵalabalıq oqıw mádeniyati mazmunına tásir ótkeriwdıń ózine tán sisteması bolıp tabıladı. Bunday tásir ótkeriw jámiyettiń mánáwiy turmısın sociallıq basqarıw mexanimlerinen biri bolıp xızmet etedi hám baspa ónimlerdi basıp shıǵarıw, tarqatıw hám de úgit-násiyatlaw processlerin arnawlı bir tártipke salıw jolı menen ámelge asırıladı.

Kitapxana – málimleme xızmeti paydalanıwshılarına járdem hám jol-joba kórsetiw usılları da zamanagóylesip hám jedellesip baratırǵan házirgi waqıtta joqarı dárejede xızmet kórsetiwge tayarlıq kóriw olardıń itiyajların orınlawdı támiyinlewde tiykarǵı faktor ekenligin mudamı yadta tutıw kerek.

## References:

1. Oʻzbekiston Respublikasi. Prezidentining PQ 4354-sonli Qarori. Oʻzbekiston Respublikasi aholisiga axborot-kutubxona xizmati koʻrsatishni yanada takomillashtirish toʻgʻrisida. –“Xalq soʻzi” gazetasi, 2019 yil, 7-iyun.

2. Мирзиѐев Ш.М. Янги Ўзбекистон стратегияси.–Т.:Ўзбекистон,2021.- 464 б.
3. Mirziyoev Sh.M. Inson manfaatlari hamma narsadan ustun.-Toshkent., 2017. b.
4. Yuldashev I.J., Nosirov Ó. Kutubxona-axborot xizmati: nazariyasi va amaliyoti: Óquv qóllanma.- T., 2021.-352b.